

Terapi Medikaman Sible pou Kansè

Targeted Drug Therapy for Cancer – Haitian Creole

Medikaman sible yo se yon kalite tretman ki itilize medikaman pou jwenn epi atake sèten pati selil kansè yo. Doktè itilize medikaman sa yo pou trete anpil kalite kansè, men se pa tout moun ki gen kansè k ap resevwa terapi sible.

Medikaman sible yo travay nan yon fason diferan nan medikaman kimyoterapi (kimyo) estanda. Anjeneral yo gen diferan kalite efè segondè tou.



Kijan medikaman sible yo travay?

Medikaman sible yo travay lè yo jwenn sèten pati nan selil kansè yo. Diferan medikaman sible kapab:

- Anpeche selil kansè yo grandi
- Chanje pwoteyin yo an selil kansè pou yon selil yo mouri
- Pwovoke sistèm defans kò a pou touye selil kansè yo
- Mennen sibstans chimik oswa radyasyon nan selil kansè yo pou touye yo

Terapi avèk medikaman sible kapab se sèl tretman ki nesèsè pou kèk kansè. Oswa, pafwa doktè kapab bay li avèk lòt tretman tankou kimyoterapi, operasyon, oswa radyoterapi.



Kijan doktè bay tretman an epi konbyen tan l ap dire?

Doktè bay kèk kalite medikaman sible nan klinik pasyan deyò kòm yon liy IV li mete nan yon venn. Lòt pasyan yo resevwa tretman nan bouch kòm yon grenn oswa kapsil epi yo kapab ale avèk tretman an lakay yo.

Paske tretman chak moun diferan, kantite tan tretman an dire kapab diferan tou.



Efè segondè yo

Efè segondè yo depannde medikaman doktè a ba ou. Paske medikaman sa yo kapab afekte diferan sib, se pa tout moun ki resevwa medikaman sible k ap gen menm efè segondè. Kèk efè segondè ap vini avèk:

- Chanjman nan po tankou demanjezon, gratèl, po sèk, sansiblité nan limyè, ak chanjman nan koulè po.
- Chanjman nan kwasans oswa koulè cheve
- Ipètansyon
- Pwoblèm senyman
- Kayo san
- Chanjman nan fason kè a travay
- Anflamasyon nan figi, janm, pye oswa men

Fè doktè ou konnen ki sèten efè segondè ou ka genyen nan tretman an.



Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Ki kalite medikaman sible mwen pral resevwa?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Èske m ap bezwen ale yon kote pou resevwa tretman mwen?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Èske asirans mwen pral peye pou tretman mwen? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kijan mwen pral kontwòle efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Èske gen nenpòt bagay espesyal mwen bezwen fè pou pwoteje tèt mwen ak lòt moun pandan m ap resevwa tretman an?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimyè a

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **[cancer.org/targetedtherapy](https://www.cancer.org/targetedtherapy)**.

Nou la lè ou bezwen nou.



[cancer.org](https://www.cancer.org) | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE
©2021, American Cancer Society, Inc.
No. 080809

